

## DEKLARASYON ENFÒMASYON SOU VAKSEN

# Vaksinasyon kont Grip (Dezaktive oswa Rekonbine): Sa ou Dwe Konnen

Many vaccine information statements are available in Haitian Creole and other languages. See [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

Genyen plizyè deklarasyon enfòmasyon sou vaksen an ki disponib nan lang panyòl ak lòt lang yo. Gade sou [www.immunize.org/vis](http://www.immunize.org/vis)

## 1. Poukisa pou pran vaksen?

Vaksinasyon kont grip kapab anpeche pran grip.

**Grip** se yon maladi ki ki kontajye epi ki pwopaje nan peyi Etazini chak ane, jeneralman ant mwa oktòb ak me. Nenpòt moun kapab pran grip, men li gen plis danje pou kèk moun. Tibee ki fenk fèt ak jèn timoun yo, moun ki gen plis pase 65 lane ak plis yo, fanm ansent, ak moun ki gen maladi sante oswa yon sistèm iminitè ki fèb yo genyen plis risk konplikasyon grip.

Nemoni, bwonchit, enfeksyon sinizit, ak nan zòrèy sa yo egzanp konplikasyon ki gen rapò ak grip. Si yo genyen yon maladi medikal, tankou maladi nan kè, kansè, oswa dyabèt, grip lan kapab kapab anpire li.

Grip lan kapab ba ou lafyèv ak frison, mal gòj, oulè nan misk, fatig, tous, maltèt, epi fè nen ou koule oswa bouche nen ou Genyen kèk moun ki kapab vomi epi ba li dyare, byenke sa plis kouran lakay timoun pase akay granmoun yo.

An mwayèn, chak ane, **genyen plizyè milye moun nan peyi Etazini ki mouri se grip ki touye yo**, epi genyen plizyè ki entène lopital. Vaksinasyon kont grip anpeche plizyè milyon maladi epi vizit ki gen rapò ak grip lakay doktè chak ane.

## 2. Vaksinasyon kont grip

CDC fè rekòmandasyon pou tout moun ki gen sis (6) mwa oswa plis yo pran kont grip chak lè gen sezon grip. **Timoun ki gen sis (6) mwa jiska uit (8) lane yo kapab genyen bezwen de (2) dòz pandan menm sezon grip la. Tout lòt moun yo bezwen yon (1) sèl dòz chak sezon grip.**

Sa ap pran anviwon de (2) semèn pou pwoteje kont grip lan aprè w fin pran vaksen an.

Genyen plizyè viris grip, epi yo toujou ap chanje. Chak ane yo kreye yon nouvo vaksen kont grip ki

Influenza (inactivated or recombinant) VIS - Haitian Creole (8/6/21)

pou pwoteje kont grip viris grip yo ki gen anpil chans pou lakòz maladi nan lòt sezon grip ki gen pou vini. Menm si vaksen an pa koresponn egzakteman ak viris sa yo, li kapab toujou bay kèk pwoteksyon.

Vaksinasyon kont grip **pa bay grip**.

Yo kapab bay vaksen kont grip a anmenm tan ak lòt vaksen.

## 3. Diskite ansanm ak pwofesyonèl swen sante ou an

Di founisè vaksinasyon ou an si moun lan ap pran vaksen an:

- Li te gen yon **reyaksyon alèjik aprè yon ansyen dòz vaksen kont grip**, oswa genyen tout **alèji ki grav, ki kapab bay lanmò**
- Li te deja genyen **Sendwòm Guillain-Barré** (yo rele li GBS tou “GBS”)

Nan kèk ka, pwofesyonèl swen sante timoun ou an kapab decide pou ranvwaye vaksinasyon kont grip pou yon lòt vizit.

Yo kapab bay vaksen kont grip nenpòt moman pandan peryòd gwoès. Moun ki ansent oswa ki konte ansent pandan sezon grip la dwe pran vaksen kont grip dezaktive (inaktif).

Moun ki genyen maladi minè yo, tankou yon rim, kapab pran vaksen. Moun ki pa twò malad oswa malad anpil yo jeneralman dwe rete tann jiskaske yo geri avan pou yo pran vaksen kont grip lan.

Pwofesyonèl swen sante ou an kapab ba ou plis enfòmasyon.



**U.S. Department of Health and Human Services**  
Centers for Disease Control and Prevention

---

## 4. Risk reyaksyon ak yon vaksen

---

- Yon doulè, yon reyaksyon alèjik, ak kote yo te bay piki a anfle, gen lafyè, doulè nan misk, ak maltèt kapab rive aprè w fin pran vaksinasyon kont grip.
- Kapab genyen yon ti ogmantasyon nan risk Sendwòm Guillain-Barré Syndrome (GBS) aprè vaksen kont grip ki pa aktif lan (piki kont grip lan).

Jèn timoun yo ki pran piki kont grip lan ansanm ak vaksen kont nemoni yo (PCV13) epi/oswa vaksen DTaP an menm tan yo kapab genyen plis chans pou gen yon kriz lafyè bay. Di pwofesyonèl swen sante ou an si yon timoun ki pra vaksinasyon kont grip lan pa te janm tonbe kriz.

Pafwa genyen moun ki endispoze aprè pwosedi medikal yo, menm vaksinasyon ladan li. Di pwofesyonèl swen sante ou an sa si w santi pa byen oswa genyen chanjman an chan vizyon ou oswa zòrèy ou ap bouyi.

Menm jan ak nenpòt medikaman, genyen yon risk ki fèb anpil pou yon vaksen lakòz gwo reyaksyon alèjik, lòt blesi ki grav, oswa lanmò.

---

## 5. Kisa k ap pase si genyen yon pwoblèm ki grav?

---

Yon reyaksyon alèjik kapab parèt aprè moun ki vaksinen an kite lopital lan. Si w konstate yon reyaksyon alèjik ki grav (itikè, figi ak gòj ki anfle, gen difikilte pou respire, batman kè rapid, vètij, oswa feblès), rele **9-1-1** epi ale ak moun lan nan lopital ki prè a.

Pou lòt siy ki ba ou kèk enkyetid, rele pwofesyonèl swen sante ou an.

Ou dwe deklare reyaksyon efè negatif yo nan Sistèm Notifikasyon Efè Negatif Vaksen yo (Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS). Pwofesyonèl swen sante ou an jeneralman pral depoze rapò sa a, oswa ou kapab fè sa a pou kont ou. Vizite sitwèb VAERS lan sou [www.vaers.hhs.gov](http://www.vaers.hhs.gov) oswa rele nan **1-800-822-7967**. *VAERS sèlman la pou rapòte reyaksyon yo, epi manm ekip VAERS yo pa bay konsèy medikal.*

Haitian Creole Translation provided by Massachusetts Dept. of Public Health, Immunization Program

---

## 6. Pwogram Nasyonal Konpansasyon Viktim Vaksen yo (The National Vaccine Injury Compensation Program)

---

Pwogram Nasyonal Konpansasyon viktim Vaksen yo (National Vaccine Injury Compensation Program, VICP) se yon pwogram federal yo kreye pou bay moun kèk vaksen ba yo pwoblèm rekonpans. Reklamasyon konsènan blesi oswa lanmò vaksen an lakòz genyen yon kantite tan pou fè depo a, ki kapab soumèt nan yon delè de (2) lane. Vizite sitwèb VICP lan sou [www.hrsa.gov/vaccinecompensation](http://www.hrsa.gov/vaccinecompensation) oswa rele nan **1-800-338-2382** pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram lan epi konsènan fason pou depoze yon reklamasyon.

---

## 7. Kijan pou jwenn plis enfòmasyon?

---

- Mande pwofesyonèl swen sante ou an.
- Rele depatman sante ki nan rejyon ou an oswa eta ou an.
- Vizite sitwèb Administrasyon Mediaman ak Alimantasyon (Food and Drug Administration, FDA) pou fich vaksinasyon ak lòt enfòmasyon sou [www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines](http://www.fda.gov/vaccines-blood-biologics/vaccines).
- Kontakte Sant Kontwòl Maladi ak Prevansyon (Centers for Disease Control and Prevention (CDC):
  - Rele nan **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
  - Vizite sitwèb CDC sou [www.cdc.gov/flu](http://www.cdc.gov/flu).

